

Otorizasyon pou bay enfòmasyon sante

Tanpri ekri yon fason ki klè ak lank koulè ble oswa nwa.

Nou itilize fòmilè sa a pou voye enfòmasyon sante ki pwoteje w yo (PHI) bay lòt moun jan lwa federal ak lwa eta yo pou kesyon konfidansyalite mande sa. PHI se enfòmasyon sou ou ki te ka idantifye w e ki gen rapò ak sante fizik oswa mantal ou nan pase, kounye a oswa pi devan, e ki gen rapò tou ak sèvis sante ou resevwa yo. Yo gen ladan yo enfòmasyon sou evalyasyon sante, dyagnostik, tretman ak preskripsyon w yo. Otorizasyon w lan pèmèt Prestige Health Choice (konpayi asirans ou) voye PHI ou yo bay yon moun oswa yon òganizasyon ou chwazi. Ou gen posibilite revoke otorizasyon sa a nenpòt lè. Pou fè sa, ou ka voye yon demann ekri bay Prestige Health Choice. Si w revoke otorizasyon sa a, sa pap afekte aksyon nou te poze yo anvan nou te resevwa demann ekri w la.

Men sa w bezwen konnen:

Nou itilize fòmilè sa a pou voye PHI ou yo bay lòt moun. Lè w siyen fòmilè sa a, ou montre ou pèmèt nou pataje oswa itilize enfòmasyon sante w yo. Enfòmasyon sa yo ka pèmèt lòt moun idantifye w. PHI ou yo gen ladan yo enfòmasyon sou sante w, tretman ou suiv yo ak medikaman ou pran yo. PHI yo ka gen rapò ak sante fizik ou oswa sante mantal ou. Lè w siyen fòmilè sa a, ou montre ou pèmèt Prestige Health Choice voye PHI ou yo bay yon moun oswa yon òganizasyon ou chwazi. Menmsi w gentan siyen fòmilè sa a, ou gen posibilite chanje lide sou kesyon pataje enfòmasyon w yo. Jis fè nou konn sa. Pou fè sa, ou ka voye yon lèt nan ofis nou. Kou nou resevwa lèt sa a, n ap sispann itilize enfòmasyon w yo. Sepandan, nou pap ka pran enfòmasyon nou te gentan pataje anvan w te revoke otorizasyon an nan men moun nou te voye yo. Tanpri kontakte Sèvis manm nan **1-855-355-9800** pou jwenn plis enfòmasyon.

Seksyon A. Enfòmasyon sou manm nan

Fè nou konnen ki moun n ap voye enfòmasyon sou li a.

Non (prenon, dezyèm prenon, siyati):	
Nimewo idantifikasyon manm:	Dat nesans (mwa/jou/ane):
Adrès (ak kòd postal):	
Nimewo telefòn (ak kòd zòn ki devan l lan):	

Seksyon B. Enfòmasyon sou plan sante a

Fè nou konnen ki òganizasyon k ap voye enfòmasyon w yo.

Mwen otorize Prestige Health Choice pou l bay PHI m yo.

Otorizasyon pou bay enfòmasyon sante

Seksyon C. Enfòmasyon sou moun k ap resevwa enfòmasyon yo

Fè nou konnen ki moun oswa ki òganizasyon k ap resevwa enfòmasyon w yo (ajoute lòt paj si sa nesèsè).

Non moun nan oswa òganizasyon an:	
Nimewo telefòn (ak kòd zòn ki devan l lan):	Nimewo faks (si li genyen):
Adrès (ak kòd postal):	

Non moun nan oswa òganizasyon an:	
Nimewo telefòn (ak kòd zòn ki devan l lan):	Nimewo faks (si li genyen):
Adrès (ak kòd postal):	

Seksyon D. Deskripsyon enfòmasyon n ap voye yo

Fè nou konnen ki kalite enfòmasyon nou ka pataje. Tcheke yon sèl bwat.

- Nòt sikoterapi. Nòt sa yo se yon pwofesyonèl sante mantal ki pran yo. Lwa federal yo mande yon otorizasyon apa pou itilize oswa pou itilize nòt sikoterapi yo. (Si w tcheke bwat sa a, ou pa gen dwa tcheke yon lòt bwat pi ba. Ou ka ranpli yon lòt fòmilè pou otorize nou bay lòt kalite enfòmasyon.)
- Tout enfòmasyon ki gen rapò ak avantaj oswa sèvis swen sante mwen resevwa yo, ansanm ak enfòmasyon sou peman pou avantaj ak sèvis sa yo. Sa pa gen ladan l enfòmasyon pou yon peryòd kote yon adrès kominikasyon konfidansyèl te anvigè.
- Enfòmasyon espesifik mwen dekri nan bwat pi ba a:

Egzanp:

- Demann pou sèvis mwen an nan [dat].
- Enfòmasyon sou apèl pou demann mwen an nan [dat].

--

Remak: Kèk lwa gendwa mande w bay yon pèmasyon espesifik pou nou ka voye enfòmasyon ou mete pi ba yo, menmsi ou tcheke bwat ki anwo a. Tanpri tcheke bwat ki pi ba yo pou enfòmasyon nou kapab pataje yo. Lè w tcheke bwat sa yo epi w mete inisyal ou, ou bay Prestige Health Choice pèmasyon pou l voye enfòmasyon sa yo.

<input type="checkbox"/> Enfòmasyon jenetik	Inisyal:
<input type="checkbox"/> VIH/SIDA	Inisyal:
<input type="checkbox"/> Abi sibstans oswa alkòl	Inisyal:

<input type="checkbox"/> Maladi ki transmèt nan sèks	Inisyal:
<input type="checkbox"/> Kontrasepsyon ak planing	Inisyal:
<input type="checkbox"/> Sante mantal oswa konpòtmantal	Inisyal:

Fè nou konnen pou ki sa ou pèmèt nou voye enfòmasyon sa yo:

Otorizasyon pou bay enfòmasyon sante

Seksyon E. Ekspirasyon

Fè nou konnen ki lè otorizasyon sa a pral fini:*

Tcheke yon sèl bwat.

Otorizasyon sa a pral fini:

Lè mwen revoke otorizasyon sa a.*

Lè Prestige Health Choice pa ban mwen asirans ankò.

Lè dat, evènman oswa pwoblèm sa a parèt: _____ *

* Pati yo idantifye nan Seksyon B a sipoze resevwa yon lèt ekri ki fè l konnen evènman an oswa pwoblèm nan parèt pou otorizasyon sa a ka anile oswa revoke. Oy gen posibilite revoke pèmasyon w nenpòt lè men aksyon ki gentan poze yo anvan w revoke l pap ka anile.

Seksyon F. Apwobasyon

Ou menm oswa reprezantan pèsònèl ou dwe siyen fòmilè sa a epi ekri dat la sou li pou l ka konplè.

Mwen konprann se ak tout volonte m mwen bay otorizasyon pou voye enfòmasyon sa a e li pap afekte kalifikasyon m pou enskri nan Prestige Health Choice, pou resevwa avantaj oswa pou demann peman mwen yo aksepte. Mete sou sa, mwen konprann si moun oswa òganizasyon mwen otorize pou resevwa enfòmasyon ki dekri pi wo a pa anba lwa ki pwoteje enfòmasyon sante yo, moun sa a oswa òganizasyon sa a gendwa voye PHI m yo bay lòt moun epi lwa ki sipoze pwoteje enfòmasyon sante m yo gendwa pa pwoteje yo ankò.

Men sa w bezwen konnen:

Se ou menm ki pou deside si w ap siyen fòmilè sa a. Si w pa siyen l, sa pap chanje anyen nan avantaj ou resevwa yo. W ap toujou manm Prestige Health Choice. Sepandan, si w pa siyen fòmilè sa a, nou pap ka pataje enfòmasyon w yo ni voye PHI w yo bay moun ou ta renmen nou voye yo. Li enpòtan pou w konnen li posib pou moun oswa òganizasyon ki resevwa PHI w yo voye yo bay lòt moun annapre.

Lè mwen siyen anba a la, mwen montre mwen otorize yo bay PHI m yo jan mwen dekri sa pi wo a.

Non manm nan (ekri ak tout lèt):
Siyati manm nan:
Dat:

Enfòmasyon sou reprezantan pèsònèl la:

Yon reprezantan pèsònèl se yon moun ki gen otorite legal pou aji nan non yon lòt moun. Prestige Health Choice sipoze gen yon kopi dokiman pwokirasyon oswa lòt dokiman legal, oubyen ou sipoze voye dokiman sa yo ansanm ak fòmilè sa a.

Non reprezantan pèsònèl la ak tout lèt:	
Deskripsyon otorite reprezantan an:	
Siyati reprezantan pèsònèl la:	Dat:
Nimewo telefòn (ak kòd zòn ki devan l lan):	

Voye retounen fòmilè otorizasyon ranpli a bay:

Prestige Health Choice

P.O. Box 7181

London, KY 40742

Ou ka fakse l tou nan **1-855-236-9281**.

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or TTY/TDD **1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o TTY/TDD **1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou annan nimewo **1-855-355-9800** oswa **1-855-358-5856** pou moun ki pa tande byen, 24 sou 24, 7 sou 7.

PRES-19450480



Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa

Prestige Health Choice dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou. Prestige pa mete sou kote oswa trete moun lòt jan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou.

Prestige:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis pou kominike fasilman ak nou, tankou:
 - Entèprèt konpetan nan lang siy.
 - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis, tankou:
 - Entèprèt konpetan.
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte Prestige nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate Prestige neglije bay sèvis sa yo oswa fè diskriminasyon kèlkonk sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depeze yon doleyans nan:

- Grievance and Appeals, PO Box 7368, London, KY 40742. **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, Faks: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depeze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depeze yon doleyans, ekip Sèvis pou manm Prestige yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019 (TDD 1-800-537-7697)

Fòmilè pou plent yo disponib nan:

<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Gen sèvis entèprèt nan plizyè lang

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (1-855-358-5856 pou moun ki pa tande byen yo)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

French: Ces informations sont disponibles gratuitement dans d'autres langues. Veuillez contacter notre équipe service clientèle au **1-855-355-9800 (1-855-358-5856 pour les malentendants)**, 24 heures sur 24, sept jours sur sept. Si l'anglais n'est pas votre langue maternelle ou si vous souhaitez demander une aide auxiliaire, des services d'aide sont gratuitement mis à votre disposition.

Russian: Эта информация доступна бесплатно на других языках и в других форматах. Звоните в Отдел обслуживания клиентов по тел. **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** — круглосуточно и без выходных. Если ваш родной язык не английский или вы хотели бы запросить дополнительную помощь, вы можете воспользоваться бесплатными услугами перевода.

Italian: Queste informazioni sono disponibili gratuitamente in altre lingue. Chiamate il nostro servizio clienti al numero **1-855-355-9800 (non udenti 1-855-358-5856)** 24 ore al giorno, sette giorni su sette. Se la vostra prima lingua non è l'inglese, o per richiedere attrezzature di supporto sensoriale, sono disponibili servizi d'assistenza, gratuitamente.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.

Portuguese: Estas informações estão disponíveis gratuitamente em outros idiomas. Por favor, entre em contato com o nosso serviço de atendimento ao cliente pelo número **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 horas por dia, sete dias por semana. Se o seu idioma principal não for o inglês, ou se você precisar solicitar recursos auxiliares para deficientes, os serviços de assistência estão disponíveis gratuitamente para você.

Chinese Mandarin: 这些信息还免费以其他语言提供。请随时联系我们的客户服务电话 **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**，该电话每周 7 天、每天 24 小时全天候提供服务。如果您的母语不是英语，或者需要请求辅助设备，您可以免费获得援助服务。

Chinese Cantonese: 這份資訊還免費以其他語言提供。請隨時聯絡我們的客戶服務電話 **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**，該電話每周 7 天、每天 24 小時全天候提供服務。如果您的母語不是英語，或者需要請求輔助設備，您可以免費獲得援助服務。

Tagalog: Makukuha nang libre ang impormasyong ito sa mga iba pang wika. Mangyaring makipag-ugnay sa numero ng customer service sa **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 na oras sa isang araw, pitong araw sa isang linggo. Kung hindi Ingles ang inyong pangunahing wika, o upang humiling ng mga kagamitang pantulong, may matatanggap kayong libreng serbisyo sa pagsasalin sa wika.

Arabic:

يمكنك الحصول على هذه المعلومات بلغات أخرى مجانًا. لطلب مساعدات وخدمات إضافية يُرجى الاتصال بخدمة العملاء على الرقم **1-855-355-9800 (الهاتف النصي/للصم 1-855-358-5856)**، على مدار 24 ساعة في اليوم، سبعة أيام في الأسبوع. تتوفر لك خدمات لغوية مجانية إذا كانت لغتك الأساسية ليست الإنجليزية أو إذا طلبت مساعدات إضافية.

German: Diese Information wird kostenlos in anderen Sprachen angeboten. Bitte setzen Sie sich unter der Rufnummer **1-855-355-9800** (für TeleTypewriter/Telekommunikationsgeräte [TTY/TTD] **1-855-358-5856**) mit unserem Kundendienst in Verbindung, der Ihnen an sieben Tagen der Woche 24 Stunden lang zur Verfügung steht. Falls Englisch nicht Ihre Muttersprache ist, können Sie eine kostenlose Sprachhilfe nutzen.

Korean: 본 정보는 다른 언어로도 무료로 제공됩니다. 주 7일 하루 24시간 운영되는 고객 서비스 **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** 번으로 연락하시기 바랍니다. 영어가 모국어가 아니거나 장애인 보조 장치 및 서비스가 필요하신 경우, 무료로 지원 서비스가 제공됩니다.

Polish: Poniższa informacja jest dostępna bezpłatnie w innych językach i formatach. Prosimy o kontakt z Działem obsługi klienta pod numerem telefonu **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 godziny na dobę, siedem dni w tygodniu. Jeśli angielski nie jest Twoim pierwszym językiem lub w celu uzyskania dodatkowej pomocy, możesz korzystać z bezpłatnej obsługi w tym zakresie.

Gujarati: આ માહિતી મફતમાં અન્ય ભાષાઓમાં ઉપલબ્ધ છે. કૃપા કરીને અમારી ગ્રાહક સેવાના નંબર **1-855-355-9800 (ટીટીઆઇ/ટીડીડી 1-855-358-5856)**, દિવસમાં 24 કલાક, અઠવાડિયાના સાત દિવસો નો સંપર્ક કરો. જો તમારી પ્રાથમિક ભાષા અંગ્રેજી નથી, અથવા ઉપયોગી સાધનોની વિનંતી કરવા માટે, તમારા માટે સહાયક સેવાઓ નિ:શુલ્ક ઉપલબ્ધ છે.

Thai: ข้อมูลนี้สามารถใช้ได้ฟรีในภาษาอื่น ๆ โปรดติดต่อหมายเลขบริการลูกค้าของเราที่หมายเลข **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** ได้ตลอด 24 ชั่วโมงทุกวัน สัปดาห์ละ 7 วัน หากภาษาหลักของคุณไม่ใช่ภาษาอังกฤษหรือต้องการติดต่อขอรับบริการเสริมคุณสมารถเข้ารับความช่วยเหลือได้โดยไม่เสียค่าใช้จ่าย

Japanese: この情報は他の言語でも無料をご利用いただけます。年中無休で対応しておりますので、弊社カスタマーサービスのフリーダイヤル **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)** までお問い合わせください。母国語が英語でない場合は、無料のサービスをご利用いただけます。